



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE FINISMAN PWOJÈ EKSPANSYON STRONG NATIONAL MUSEUM OF PLAY KI KOUTE 75 MILYON DOLA NAN ANBA VIL ROCHESTER**

*Pwojè a gen ladan yon ogmantasyon 90,000 pye kare ki gen yon nouvo atyòm byenvni, plizyè ekspozisyon entèaktif, zòn plas deyò, pakin ak anpil lòt bagay*

*Investisman an ap konplete inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman yon pwojè ekspansyon 75 milyon dola nan The Strong National Museum of Play nan kè anba lavil Rochester. Pi long pase yon blòk vil, The Strong genyen ladan espas ekspozisyon pratik, dinamik, ak entèaktif. Dènye pati pwojè a — yon ogmantasyon 90,000 pye kare nan pi gwo atraksyon touristik rejyon Finger Lakes la genyen anpil lòt ekipman ki gen ladann yon nouvo atyòm byenvni ak ekspozisyon entèaktif, oryantasyon kolore, kontwa anrejistreman modèn, efikas, sekirite, ak zòn sèvis premye swen. Atyòm lan gen ladan tou yon vas plafon ki wo ak mi an vè ki pèmèt espas la klere ak ouvri pandan lajounen an epi kite limyè a eklere plas la nan mitan lannwit. Premye etaj la genyen tou yon boutik kado elaji ak yon koneksyon ak yon nouvo pakin, ki te konstwi pandan premye faz pwojè a. Amelyorasyon sa yo prevwa gen yon gwo enpak sou prezans chak ane nan etablisman an, ke ofisyèl mize yo estime ki pral rive prèske yon milyon moun disi 2026, kont yon nivo rekò 600,000 anvan pandemi an.

"Inogirasyon sa a make kòmansman yon nouvo chapit nan The Strong National Museum of Play, youn nan pi gwo atraksyon touristik rejyon an ak motè ki dèyè efò kontinyèl nou pou revitalize anba lavil Rochester", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Pandan plis pase mwatye yon syèk, The Strong Museum te atire vizitè atravè mond lan ak ekspozisyon kaptivan li yo ak ekspozisyon klere tou, epi gras ak sipò eta a, li pral kontinye fè sa pandan plizyè ane k ap vini yo. Investisman entèlijans, estratejik nan ankraj kiltirèl New York yo se kle pou estimile aktivite touristik, kreye travay, ak ranfòse ekonomi an, epi mwen rete angaje nan sipòte enstitisyon tankou The Strong Museum pou debloke potansyèl ekonomik eta nou an."

Okòmansman li te fonde an 1968, The Strong pwopoze eksperyans entèaktif ak amizan ki antoure istwa je, jwèt, poupe, ak jwèt videyo. Ekspansyon an gen ladan

24,000 pye kare nan ESL Digital Worlds, ki se pi gwo jwèt akad Donkey Kong ke yo kabap jwe nan mond lan, ak Hasbro Game Park la. Vizitè yo kapab dekole tou nan yon elikoptè sekou, fè yon vwayaj atravè peyi a nan yon tren ki menm gwosè ak timoun, ak pwomennen nan yon jaden twopikal ki gen plizyè santèn papiyon k ap vole lib. Akòz pwojè ekspansyon transfòmatif sa a, The Strong kounye a se youn nan pi gwo mize istwa nan Etazini.

**Steve Dubnik, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral The Strong lan, te deklare,** "Pwojè ekspansyon The Strong lan — ki gen ladann yon paviyon 90,000 pye kare, pakin, ak plas deyò — vrèman pote transfòmasyon pou Rochester epi li fòme kè nouvo Neighborhood of Play (Katie Jwèt) la. Ouvèti nouvo paviyon an, ki se dènye pati a, bay yon moman enteresan pou mize a, vil la, rejyon an, ak eta a. Pwojè a pa t ap posib san sipò bonè Eta New York ak Empire State Development lan ak yon premye investisman 20 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Nò Eta (Upstate Revitalization Initiative, URI) a."

Transfòmasyon kontinyèl The Strong se sèlman yon pati nan yon pwojè devlopman masiv, ki gen twa faz, ki koute plizyè milyon dola nan sa yo rele Neighborhood of Play ki gen ladan ogmantasyon yon otèl ki toupre mize a, konstriksyon lojman rezidansyèl ak lòt espas pou itilizasyon miks, ak kreyasyon yon nouvo wout dedye — Adventure Place — ki konekte Woodbury Boulevard ak Union Street ki te pèmèt devlopman sa a.

Empire State Development te sipòte pwojè a ak jiska 20 milyon dola ki te disponib atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Finger Lakes Forward (Finger Lakes Forward Upstate Revitalization Initiative) la ak atravè yon sibvansyon kapital adisyonèl 2 milyon dola pou konstriksyon Welcome Atrium ak batiman pòtay Portal of Play la.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral & Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Eta New York pa jwe nan sa ki gen pou wè ak investi nan endistri touristik la. Gras a angajman solid Gouvènè Hochul, anpil gran bagay ap fèt toupatou atravè eta a - epi gen plis ankò k ap vini. Ekspansyon ankwayab Strong National Museum of Play la pral ede atire menm plis vizitè vin nan kè anba lavil Rochester a, sa ki pral gen yon vrè enpak ekonomik sou vil la ak rejyon an pou anpil ane k ap vini."

Investisman estratejik sa a pral ranfòse efò touristik k ap fèt nan rejyon nou an yo, ajoute sou enpak siyifikatif endistri a deja genyen sou ekonomi rejyonal la. Efò pou atire touris k ap fèt nan rejyon Finger Lakes la sipòte plis pase 33,000 djòb atravè nèf konte.

**Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare,** "Strong National Museum of Play se yon destinasyon klas mondyal nan kè Finger Lakes ki te akeyi plizyè jenerasyon envite atravè lemond, epi ki te yon gwo patnè pou I LOVE NY. Ekspansyon revolisyone li an ak nouvo ekspozisyon, yon pak jwèt deyò ak Neighborhood of Play ki antoure a ak restoran tematik ak lojman ki chaje ak jwèt pral ankouraje menm plis moun pou eksplòre ak fè eksperyans maji ak mèvyè Strong lan, raple envite ki jan li fasil pou renmen New York."

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Ekspansyon Strong Museum lan se yon sitiyasyon gayan gayan, alafwa pou fanmi yo, timoun yo, ak vizitè yo ki pral jwi tout sa mize a gen pou ofri yo, ansanm ak pou tout Rochester pandan vil la gen yon nouvo 'nòt eleve' nan efò revitalizasyon pa yo. Mwen te fyè pou m te kòmanse ekspansyon an lè m te jwenn 16 milyon dola pou ranpli Inner Loop, ki te fè plas pou ekspansyon an ak *Neighborhood of Play* la - ansanm ak sibvansyon 7.5 milyon dola Plan Sekou Ameriken an ki te nesèsè pou konplete renovasyon Strong lan. Kounye a, avèk plis pase 160 milyon dola nan revni touristik adisyonèl ak plis pase 120 nouvo djòb ki byen peye, Strong Museum deja solidifye tèt li kòm yon ankraj pou devlopman endistri touristik ak devlopman ekonomik anba lavil la."

**Reprezantan Joe Morelle te deklare,** "Strong Museum a se yon pati esansyèl nan estrikti kominote vibran nou an, yon atraksyon touristik klas mondyal, ak yon resous pou ekonomi rejyonal nou an. Mwen fyè dèske m te bay finansman pou agrandisman 90,000 pye sa a ki pral pote lajwa pou plizyè milye timoun ak fanmi nan Rochester ak odela. Mwen pa tann kisa avni an pral pote pou The Strong ak inik Neighborhood of Play mond lan."

**Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare,** "Ekspansyon ki pote transfòmasyon nan The Strong ak Neighborhood of Play ki antoure a lanse yon nouvo epòk pou Anba Lavil Rochester. Eta New York konprann nesèsite pou devlope endistri touristik Nò Eta a epi li te fyè pou l investi nan pwojè sa a. Avèk Biwo Distri mwen an ki sèlman a distans kèk blòk, mwen pa ka tann pou mwen wè fwi pwojè sa a ki gen anpil enpak, ak wòl li nan revitalizasyon sant vil nou an."

**Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare,** "Mennen vizitè Rochester enpòtan anpil pou ekonomi nou an. Strong Museum of Play se yon enstitisyon rejyonal pandan plizyè ane, epi ekspansyon sa a pral pèmèt li vin yon atraksyon nasyonal. Investisman ke nou fè nan enstitisyon kiltirèl yo benefisye kominote nou an an jeneral. Dola touris yo etan yo soti nan ti biznis ak mwayèn biznis yo atravè vil la ak konte, sa ki ede kominote nou an reyalize objektif li pou l vin tounen yon kote ki vibran pou viv, travay ak jwe, epitou pou atire nouvo antrepriz."

**Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare,** "Strong National Museum of Play te toujou yon trezò natal, yon kote pou paran ak timoun yo konekte pandan y ap eksplore ansanm. Ekspansyon sa a pral amelyore repitasyon mize a kòm youn nan destinasyon kiltirèl ki pi enpòtan nan rejyon an, sa ki pral atire vizitè nan Konte Monroe epi ki pral ranfòse ekonomi lokal la. Se yon bèl egzanp sou kalite patenarya ak investisman estratejik ki pral benefisye kominote nou an nan anpil fason diferan pou ane k ap vini yo. Mwen remèsye Empire State Development ak Gouvènè Kathy Hochul pou investisman kontinyèl yo nan rejyon nou an."

**Majistra Vil Rochester a, Malik Evans, te deklare,** "Ekspansyon Strong Museum nan kè nouvo Neighborhood of Play la te yon pilye fondamantal ki te sipòte siksè pwojè Inner Loop East la epi kounye a, li sèvi kòm yon etap enpòtan nan pwogrè pou transfòmasyon kontinyèl Rochester. Mwen vle felisite ekip devlopman an pou finisman

pwojè sa a epi mwen remèsye yo paske yo te fè investisman sa a nan vil nou an. Mwen rekonesan tou anvè Gouvènè Kathy Hochul ak Empire State Development paske yo te ede nou kreye yon Rochester ki an sekirite, ekitab ak k ap pwospere nan enspire espwa epi bay opòtinite pou tout moun."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Greater Rochester a ak Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, te deklare,** "Fisinman pwojè ekspansyon 75 milyon dola The Strong National Museum of Play la se yon etap enpòtan pou ekonomi ak endistri touris Rochester a. Devlopman transfòmasyon sa a pral san dout amelyore atirans rejyon an kòm yon destinasyon touristik prensipal epi kontribye nan revitalizasyon kominote nou an. Chanm Komès Greater Rochester bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul pran pou ankouraje kwasans ekonomik ak sipòte investisman estratejik ki fè rejyon nou an avanse pou pi devan."

**Don Jefferies, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Visit Rochester a, te deklare,** "Ekspansyon ki pote transfòmasyon nan The Strong National Museum of Play pral gen yon enpak enkwayab epi dirab sou tout endistri touristik la nan Rochester ak nan Konte Monroe. Ekspansyon Strong Museum lan, ak devlopman Neighborhood of Play ki vin apre a, se yon lòt rezon ankò pou vizite Rochester nan ane k ap vini an. Endistri touristik la jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi nou an nan Konte Monroe, epi ekspansyon sa a nan The Strong pral sèlman ogmante enpak sa a, l ap pote deplizanpli vizitè ak vin depanse nan rejyon Greater Rochester ak rejyon Finger Lakes."

Pou plis enfòmasyon sou The Strong lan, vizite, <https://www.museumofplay.org/>.

### **Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominote. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York ([www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov)). Misyen ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NEW YORK", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)